



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

**Pou Piblikasyon Imedyat:** 7 out 2012

**GOUVENE CUOMO ANONSE LETA ENTEDI POU VANN OUBYEN POSEDE SEL POU BENYEN OUBYEN  
DWOG SENTETIK**

***Rankont Dijans Konsèy Sante Piblik la Adopte Nouvo Regleman nan yon Vòt Ekrazan***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo anonse Depatman Deta Sante Piblik New York la (DOH) te pibliye nouvo regleman pou mete fen ak gwo itilizasyon sèl pou benyen ak lòt dwòg sentetik kap gaye sou teritwa.

Nouvo regleman DOH pibliye epi Konsèy Sante Piblik ak Planifikasyon Sante apwouve yo, pral lonje lis egzistan dwòg ak pwodi chimik ki entèdi yo ak kèk douzenn lòt sibstans kap sèvi kounye a pou fè dwòg sentetik, epi asire pi byen distribitè yo pap kabap kontoune lalwa ankò tou ak senp chanjman engredyan nan dwòg yo. Epitou, regleman yo pral pèmèt, pou premye fwa, pou yo pouswiv yon pwopriyete antrepriz ak/oubyen yon anplwaye kap vann dwòg sentetik pou posesyon sibstans ilisit. Anplis desa, pou sipòte aplikasyon lalwa, regleman yo pral ogmante pèn penal yo pou sila yo ki vyole règ yo. Vyolatè yo pral gen pou peye jiska \$500 amand epi potansyèlman fè jiska 15 jou prizon.

“Sèl pou benyen ak lòt dwòg sentetik reprezante you menas dirèk, serye pou sante ak sekirite piblik, epi nou dwe fè tout sak posib pou retire sibstans danjre sa yo sou mache New York la,” te deklare Gouvènè Cuomo. “Aksyon nap anonse jodi a atake pwoblèm lan ak èd lap pote pou otorite kap aplike lalwa yo, ak ogmantasyon lis sibstans entèdi ki itilize pou fabrike sèl pou benyen yo, ak enpozisyon pi gwo pèn pou sila yo kap vann dwòg yo responsab.”

Lane pase, te gen yon ogmantasyon danjre nan ka Nouyòkè ka itilize dwòg sentetik. Nan lane 2011, yo te rapòte 39 vizit nan sal dijans nan upstate New York akòz sèl pou benyen. Deja nan lane 2012, te genyen 191 vizit konsa ak 120 ki te rive nan mwa Jen ak Jiyè pase. Dapre Sant Kontwòl Pwazon New York State la, nan lane 2010 te gen sèlman 20 apèl konsènan anpwazonman ak marijuana sentetik. Te gen 291 nan lane 2011, epi te deja genyen 321 pandan sis premye mwa 2012 la.

Sèl pou benyen ak lòt dwòg sentetik fabrike ak menm strikti, men lejèman modifye, sibstans kontwole ki nan lis Schedule I lwa sou sibstans kontrwole leta ak/oubyen federal yo antanke mwayen pou kontoune

Haitian Creole

Iwa sou dwòg ki egziste yo. Dwòg sentetik sa yo kapab – epi – modifye toutan chimikman nan eseye evite repèkasyon legal.

Nan efò pou maske vre objektif yo, pwodi sa yo vann sou non “sèl pou benyen” oubyen tankou “altènatif legal pou marijuana.” Aktyèlman yap vann anliy, nan ti depanè, magazen tabak, ak lòt detayan. Lè yo konsome, sibstans sa yo pwodi yon efè danjere menm jan ak kokayin ak anfetamin, tankou alisinasyon, paranoya, deli, lide swisid, ak konpòtman vyolan tankou doule nan lestomak, monte tansyon, ak ogmantasyon rit kadyak.

Sèl pou Benyen ap vann sou non tankou White Lightning, Snow Leopard, Tranquility, Zoom, Ivory Wave, Red Dove, Vanilla Sky, etc. Marijuana sentetik ap vann sou non Spice, K2, Blaze ak Red Dawn X.

Malgre lwa federal entèdi konfeksyon oubyen vant anpil nan sibstans sa yo, grasa nouvo regleman sa yo ki mete anplas jodi a, otorite lokal kap aplike lalwa yo pou premye fwa pral kapab pouswiv vyolatè yo konfòmman ak lwa leta yo epi refere yo bay Pwokirè Distri lokal yo pou jijman.

Depatman Sante Piblik la ak Polis New York la pral koòdone investigasyon ak arestasyon ak lapolis ak pwokirè distri. Nouvo pèn penal yo pral enkli yon amand ki rive jiska \$500 ak jiska 15 jou prizon. Nouvo pèn sivil yo pral enkli yon amand ki ka rive \$2.000 pou chak vyolasyon.

Gouvènè a te anonse tou yon nouvo hotline gratis 1-888-99SALTS (1-888-997-2587). Endividi ki gen enfòmasyon sou distribisyon ilegal sèl pou benyen oubyen dwòg sentetik ankouraje rele hotline sa a. Pou plis enfòmasyon vizite: <http://www.health.ny.gov/professionals/narcotic/index.htm>.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418